QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIM VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

19-апрель 2021 ж /й　　　　　03-04/01-1975-санлы

**Шоманай районы Халық**
**билимлендириў бөлими баслығы**
**Ө.Султамуратовқа**

Сизиң, 2021-жыл 23-март күнги №01-01/7-274-санлы хатыңызда Шоманай районы №4 мектеп 2019-жыл октябрь айында тазадан қурып питкерилгенлиги, 2020-жыл мектептиң имаратына қосымша спорт залы салынғанлығы, Соған байланыслы сипсекеш 0,5 штат бирлик, лаборант 0,5 штат бирлик ҳәм дворник 0,5 штат бирлик штатларын ажыратыўға әмелий жәрдем берилиўи соралған.

Бул бойынша, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 28-декабрьдеги *"Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги дизиминдеги улыўма билимлендириў мекемелерин басқарыў, техник, хызмет көрсетиўши ҳәм оқыў-жәрдемши хызметкерлериниң үлгидеги штатларын тастыйықлаў ҳаққында"*ғы 406-санлы буйрығы ҳәм оның 1-қосымшасына муўапық штат бирликлерин белгиленген норматив ҳүжжетлер тийкарында киргизилиўи көрсетилген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2014-жыл 14-ноябрь күнги №74 буйрығы менен тастыйықланған Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2014-жыл 15-декабрь күни №2634-сан менен дизимге алынған *"Бюджет мәкемелери ҳәм бюджет қаржыларын алыўшылардың қәрежетлер сметасы ҳәм штат кестелерин дүзиў, тастыйықлаў ҳәмде дизимнен өткериў тәртиби ҳаққында"*ғы Нызам талапларына сәйкес дүзилиўи керек екенлиги белгиленген.

Жоқарыдағыларды инабатқа алып, Сизге кадастр ҳүжжетлерине тийкарланып үнемленген бюджет қаржылары есабынан ҳәмде ишки имканиятлардан келип шыққан ҳалда нызам ҳүжжетлери тийкарында Шоманай районы №4 мектепке тийисли болған штат бирликлерин ашыў ушын мумкин екенлигин мәлим етип билдиремиз.

**Министр орынбасары**　　　　　**Ш.Таджимуратов**

*Орынлаўшы:Т.Утепов*
*Тел: (861) 222-92-63*